

Fich Enfòmasyon Bous Detid Cleveland lan (Cleveland Scholarship Fact Sheet) Ane Lekòl 2026-2027

KISA PWOGRAM BOUS DETID CLEVELAND OHIO A YE?

Pwogram Bous Detid Cleveland (Cleveland Scholarship Program, CSP) lan ofri divès chwa edikatif pou timoun ki nan matènèl jiska douzyèm ane ki ap viv nan limit fwontyè Distri Lekòl Minisipal Cleveland (Cleveland Municipal School District (CMSD)) lan pou ale nan lekòl prive yo. Elèv ki prale aktyèlman nan lekòl prive yo kapab elijib pou aplike pou pwogram nan. [Jwenn plis enfòmasyon](#) sou pwogram Cleveland lan sou sit wèb Depatman an.

KIYÈS KI ELIJIB POU APLIKE?

Elèv ki abite nan limit fwontyè Distri Lekòl Minisipal Cleveland (Cleveland Municipal School District, CMSD) lan epi ki pral antre nan matènèl jiska douzyèm ane pandan ane lekòl 2026-2027 la elijib pou aplike.

KILÈ YO AP AKSEPTE APLIKASYON POU BOUS DETID CLEVELAND LAN?

Fenèt aplikasyon an louvri 1ye Fevriye 2026, epi ap fèmen 30 Jen 2027. Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio a ap louvri Aplikasyon Bous Detid Cleveland lan atravè sistèm sekirize ki sou entènèt la. Manm pèsonèl lekòl prive k ap patisipe yo gen aksè ak sistèm nan epi yo ap ede paran/responsab yo aplike pou bous la pandan y ap antre enfòmasyon yo nan sistèm anliy nan.

KONBYEN KÒB BOUS DETID LA AP YE?

Montan maksimòm bous la pou elèv matènèl jiska 8yèm ane pou kounye a se \$6,166 epi pou lekòl segondè a se \$8,408. Chak lekòl gen frè eskolarite diferan. Tou depan de montan frè eskolè lekòl la, bous detid la pral peye jiska montan ki deziyen a. Si frè eskolarite a plis pase montan bous la, paran an kapab responsab pou peye rès la.

KÒMAN PÈMAN AN AP FÈT?

Yo voye chèk yo atravè lapòs nan Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio a pou lekòl prive yo pou paran/responsab yo siyen yo. Lekòl prive a ap itilize fon yo pou peye frè eskolarite elèv la sèlman.

ÈSKE PARAN/RESPONSAB YO AP GEN DEPANS POU PEYE KAP SOTI NAN PÒCH PA YO?

Si fanmi an kalifye pou estati fèb revni, (ki egal oswa ki pi ba pase 200 pousan Gid Povrete Federal yo) epi elèv ou an nan klas matènèl jiska 8yèm ane, fanmi an p ap bezwen peye frè eskolarite bous la pa kouvri. Paran/responsab legal yo ap responsab frè enskripsyon, frè materyèl, ak lòt depans ki gen lye ak sa. Atribisyon bous detid la kapab itilize pou frè eskolarite lekòl la sèlman.

DEPI ELÈV LA FIN RESEVWA BOUS DETID LA, PANDAN KONBYEN TAN LI KAPAB KONTINYE ALE NAN LEKÒL PRIVE A?

Depi yon elèv fin resevwa yon Bous Detid Cleveland, li ap bezwen renouvle li chak ane lekòl jiskaske li rive nan 12yèm ane. Paran/responsab yo dwe verifye rezidans yo nan Distri Lekòl Minisipal Cleveland lan epi reponn ak tout lòt egzijans pwogram nan pou yo rete elijib pou pwogram nan.

SA K AP PASE SI PITIT MWEN AN TRANSFERE NAN YON LÒT LEKÒL?

Elèv yo kapab transfere nan nenpòt lekòl k ap patisipe nan pwogram Bous Detid Cleveland lan.

KILÈS K AP FOUNI SÈVIS TRANSPÒ?

Daprè kote yon fanmi abite ak ki kote timoun nan pral lekòl la, gen sèvis transpò ki kapab disponib. Paran/responsab yo dwe kontakte CMSD pou aranjman ak kondisyon elijibilite pou sèvis transpò a.

Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio (Ohio Department of Education and Workforce) a pa fè diskriminasyon sou baz ras, relijyon, sèks, nasyonalite, laj, andikap, oswa orijin etnik. Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio a se yon [patwon opòtinite ekitab \(equal opportunity employer\)](#) ak yon founisè [sèvis ADA](#). Avi sou [Non-Diskriminasyon](#) Depatman an ap aplike pou tout pwogram yo ak aktivite yo.

Gade Politik [Diskriminasyon Kont Andikap](#) Depatman ak [Pwosedir pou Plent nan Politik Diskriminasyon an](#). Pou plis enfòmasyon sou avi sou non-diskriminasyon, vizite ocrcas.ed.gov/contact-ocr pou adrès ak nimewo telefòn biwo ki sèvi zòn ou an, oswa rele 1-800-421-3481.